

Pou Piblikasyon Imedya: 10/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DON 140 EKTA BAY ROCKEFELLER STATE PARK PRESERVE

Don bay Eta a Te Fèt pa Pwopriyete David Rockefeller a

Li Pwoteje Aksè Piblik a Wout Charyo Istorik yo, Li Kenbe Peyizaj la Entak

Preserve Pral Jere Tèren an Yon Fason Kowoperatif ak Sant Stone Barns pou Manje ak Agrikilti a pou Favorize Espès Natif yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon don 140 ekta tèren bay Rockefeller State Park Preserve nan Pocantico Hills, ke pwopriyete David Rockefeller te bay Eta a. Akizisyon an ap mete sifas total Preserve lan rive 717 ekta ki lonje soti depi Rivyè Hudson pou rive Taconic Parkway, epi asire ke peyizaj la pral rete entak epi ouvri pou popilasyon an.

“New York se lakay kèk nan pi bon pak yo ak etablisman ekstèn yo nan peyi a, epi don David Rockefeller fè bay Rockefeller State Park Preserve lan pral sèvi kòm yon lòt atou imans pou eta nou an”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen rekonesan pou kado sa a pou moun New York yo, epi mwen pral kontinye travay pou konsève epi pwoteje pak eta nou yo pou vizitè yo ak moun New York yo pwofite de yo.”

“Don jenere sa a ki fèt pa pwopriyete David Rockefeller a pral elaji Rockefeller State Park Preserve epi asire prezèvasyon pak lan pou itilizasyon piblik nan fiti”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Espas piblik yo vital nan kominote atravè Eta a pou ranfòse kalite lavi a epi bay moun ak fanmi yo yon gwo kote pou yo ale rasanble epi jwe.”

David Rockefeller te pèmèt vizitè yo nan Preserve lan pou yo pwofite de divès wout charyo istorik ki atravè Hudson Pines Farm ki a kote a, epi don sa a pral asire ke wout rekreyatif sa yo rete aksesib pou popilasyon an. Kado sa ap ajoute sou sipò ki la depi lontan fanmi Rockefeller ap bay pak omonim li an, ki ap ajoute 567 ekta tèren pak ke fanmi Rockefeller te fè kado depi apre kreyasyon pak lan an 1983. An plis, David Rockefeller [te fè don](#) 4 milyon dola pou etabli yon fon donasyon ki ap fonksyone ki ap sipòte Preserve lan an 2015.

Sant Stone Barns pou Manje ak Agrikilti a te resevwa tou yon kado prèske 38 ekta tèren ki soti nan Pwopriyete David Rockefeller. Stone Barns te dakò pou konvoke yon fasilite konsèvasyon pou Pak Eta yo, ki pral mete 38 ekta tèren yo an nan kondisyon ki pwoteje. Preserve ak Stone Barns gen entansyon jere an kowoperasyon rezo domèn yo pou favorize espès natif yo, tankou ramodè yo, epi pou itilize betay

wotasyonèl ki nan patiraj pou ranfòse tèren gazon yo ak sante tèren agrikòl lan, sekestrasyon kabòn, ak konsèvasyon dlo.

Rockefeller State Park Preserve gen ladan yon apti enpòtan nan lejann imobilye Pocantico Hills fanmi Rockefeller. Rockefeller State Park Preserve ansanm ak divès pwopriyete avwazinan yo te klase resamman sou Rejis Espas Istorik Eta yo (State Register of Historic Places) epi vanse nan Rejis Nasyonal la (National Register), ki ap chwazi Preserve lan ak divès pwopriyete avwazinan ki te anvan sa ansyen pwopriyete John D. ak William Rockefeller yo, antan ke “Distrik Istorik Pwopriyete Pocantico Hills Rockefeller”.

Rockefeller State Park Preserve ap atire prèske 300,000 vizitè pa ane pou mache, kouri, monte cheval, epi gade bèt sovaj yo. Li te deziye kòm yon “Zòn pou Zwazo ki Enpòtan” pa National Audubon.

Komisè Park Eta yo (State Parks), Rose Harvey te di, “Don tèren jenere David Rockefeller fè a ki soti nan Hudson Pines Farm li an bay Preserve ap asire ke peyizaj eksepsyonèl ak istorik sa a pral rete sa deranje epi ouvri pou popilasyon an pandan plizyè jenerasyon. Sistèm pak leta nou an dwe anpil jenewozite ak konsiderasyon sivik pou sitwayen li yo - epi fanmi Rockefeller definitivman pami yo. Mwen ekstrèmman rekonesan pou kado sa a.”

Lucy Rockefeller Waletzky, Prezidan Konsèy Pak Eta New York lan, te deklare, “Kado mèveye sa a ke tonton mwen David Rockefeller fè a pral asire ke bèl peyizaj sa a rete entak epi ouvri pou popilasyon an - pou ke pakèt moun ki ap mache, kouri, monte bisiklèt ak moun ki renmen lanati yo ka kontinye pwofite de li pandan plizyè jenerasyon ki gen pou vini yo. Mwen kontan tou pou mwen panse sou tout zwazo yo, myèl yo, papiyon yo ansanm ak lòt bèt sovaj yo ki pral benefisye de kado sa a. Se yon gwo egzanp de jesyon prive ki, konbine ak gwo angajman Gouvènè Cuomo pran anvè pak yo ak anviwònman an, ap retounen mete enèji nan sistèm pak leta eksepsyonèl New York lan.”

George Gumina, Prezidan, Friends of Rockefeller State Park Preserve, te deklare, “Nou kontan anpil poutèt yo te remèt tèren sa yo bay Eta New York epi yo pral kontinye rete ouvri pou tout moun vini ladan epi pwofite de yo. An plis, nou kontan anpil ak chwa istorik resan an epi nou ap rete tann wout charyo yo ki se yon eritaj ki ap dire pou Fanmi Rockefeller a.”

Jill Isenbarger, Direktè Egzekitif Jeneral, Sant Stone Barns pou Manje ak Agrikilti, te deklare, “Sant Stone Barns pa ta pral egziste jodi a si se pa’t pou vizyon ilimite Mesye Rockefeller pou yon santral agrikilti rejeneratif ak kwizin ki santre sou fèm yo sou tèren sa a. Lidèchip ekstrayòdinè ak angajman filantwofik li sou vizyon sa a te rann travay ak enpak Sant Stone Barns lan posib. Nou a jamè rekonesan anvè li. Kounye a, gras a vizyon Mesye Rockefeller tou, prezèvasyon pak lan ak Sant lan gen yon opòtinite ekstrayòdinè pou kolabore nan jesyon tèren sa yo nan pi gwo estanda ekolojik ak agrikòl yo, pou avantaj jenerasyon fiti yo. Nou rekonesan poutèt nou te travay ansanm ak Eta New York pou devlope yon plan aksyon konsèvasyon pou gide jesyon resous piblik enkwayab sa a.”

Sou administrasyon Gouvènè Cuomo a, Eta New York ap fè yon angajman istorik pou amelyore epi ogmante aksè a aktivite anplennè. Pwogram NY Parks 2020 Gouvènè a, se yon angajman ki etabli sou plizyè lane pou envesti 900 milyon dola nan finansman prive ak piblik pou Pak Leta yo soti lane 2011 pou rive nan lane 2020. Depi apre lansman pwogram nan, Pak Eta yo te achte plis pase 6,475 ekta tèren, sa ki ap amelyore aksè epi bay pwoteksyon pou pak eta yo, santye ak espas istorik yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)